



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ANE INOGIRAL GRAND CENTRAL MADISON LAN

*Plis pase 17 milyon pasaje te itilize Grand Central Madison lan*

*1.2 milyon tikè vil yo vann pou ale/soti nan Grand Central Madison, yo vann 81,444 tikè konbine*

*Yo prevwa kafe/ba ap ouvri an 2024*

*96 pousan to satisfaksyon kliyan*

Gouvènè Kathy Hochul ak ofisyèl yo nan Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an jodi a te selebre anivèsè yon ane ouvèti istorik MTA k ap vini nan Grand Central Madison, ki te prezante nouvo opòtinite pou vwayaj sou Metwo Long Island lan ak amelyore koneksyon rejyonal New York la.

"Ouvèti Grand Central Madison te make yon nouvo kòmansman an tèm vwayaj ak koneksyon rejyonal", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li te bay anpil avantaj pou plizyè dizèn milye Nouyòkè ki konte sou li chak jou, epi li montre enpòtans pou kontinye ogmante transpò piblik nan rejyon an."

Pòt tèminal la te ouvri ofisyèlman pou piblik la pou premye fwa jedi 25 janvyè 2023, ak sèvis tren ki opere ant Estasyon Jamaica ak tèminal la. Yo te aplike orè sèvis konplè, ki entwodwi yon ogmantasyon sèvis a 41 pousan nan tout sistèm nan dat 27 fevriye. Depi ouvèti a, tèminal la te orijin oswa destinasyon 17.1 milyon vwayaj epi kounye a 289 tren opere chak jou pandan semèn nan. Pousantaj pasaje ant Grand Central Madison ak Penn Station kontinye ap grandi nan repatisyon ke yo prevwa a, pou l rive nan yon repatisyon nan lè ki chaje ant 60 pousan/40 pousan jedi 19 janvyè pase a nan maten, avèk 34,117 kliyan ki vwayaje nan Penn Station ak 22,351 k ap vwayaje nan Grand Central Madison.

Depi aplikasyon sèvis konplè an fevriye, LIRR te vann 44,573 Tikè Konbine an 2023 epi Metro-North te vann 36,871, pou yon total konbine de 81,444 tikè, sa ki montre ogmantasyon familiarite ak itilizasyon vwayaj entèrejyonal atravè transpò piblik. Tikè Vil ki gen rabè pou vwayaje nan Vil New York te elaji nan lè ki haje yo an jiyè 2023, epi yo te vann 1.2 milyon pou ale/soti nan Grand Central Madison depi lè li te ouvri.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Li vo pou selebre fason Grand Central Madison te vin rakousi vwayaj pou plizyè milyon epi pèmèt yon ogmantasyon sinifikatif nan sèvis LIRR a 41 pousan, ki gen ladan opsyon vwayaj nan sans envès solid pou premye fwa ki te konekte rezidan vil yo ak travay sou zile a epi ki te pèmèt biznis Long Island yo rekrute talan nan tout rejyon an. Nou rekonesan dèske nou te jwenn sipò san fay Gouvènè Hochul, ki te rekonèt benefis Grand Central Madison nan premye jou administrasyon li a."

**Prezidan Enterimè Wout Ray Long Island MTA a, Rob Free, te deklare,** "Grand Central Madison non sèlman te founi pi gwo ogmantasyon sèvis nan istwa LIRR, men tou li te ranfòse rezistans rezo a ak yon dezyèm tèminal nan Manhattan, ki ofri kliyan opsyon altènatif fyab pou ale ak pou soti nan Vil la. Nouvo opsyon sèvis yo menm te kreye opòtinite pou vwayaj andedan zile a. Avèk sèvis pi souvan, kliyan yo ka pwofite dekouvri plis bagay nan Long Island nan tren. Nou fyè de pwogrè nou fè ak anplwaye LIRR yo ki te fè pati vwayaj istorik sa a. Sa a se jis kòmansman an, epi nou pa ka tann plizyè milyon pasaje anplis k ap vwayaje nan Grand Central Madison."

**Prezidan Metro-North Railroad MTA, Catherine Rinaldi, te deklare,** "Se te yon onè pou m dirije ekip LIRR la lè tèminal enpresyonan sa a te ouvri epi pou m te fè pati etap enpòtan istorik la pou LIRR ak rejyon New York la. Pou premye fwa, LIRR, Metro-North, ak tren an anba yon sèl twati – epi jis kèk etap deyò, gen aksè ak dis wout otobis. Avèk plis pase 80,000 Tikè Konbine ki vann, li klè ke kliyan LIRR ak Metro-North yo ap pwofite nouvo sèvis sa a pou konekte ak nouvo eksperyans atravè rejyon nou an."

### **Ogmante rezistans nan Manhattan**

Gen yon dezyèm tèminal kreye yon rezo LIRR ki pi solid ak adaptab. Li bay pasaje yo yon fason altènatif pou yo rive nan destinasyon yo yon fason ki pi fyab nan ka ta gen yon pètibasyon sèvis ki afekte sèvis Penn Station lan. Menm jan an tou, li sipòte antretyen ak travay bon reparasyon pandan y ap minimize enpak sou kliyan yo. Jis desanm ki sot pase a, travay nan wikenn nan Lakou West Side la, pi gwo lakou tren ki sitiye nan lwès Penn Station, te mande pou yo retire kèk tren nan sèvis pou enstale nouvo transfè LIRR te kapab prezève sèvis nan Manhattan nan devye tren nan Grand Central Madison pandan travay la te sou pye.

### **Amelyorasyon Depi Ouvèti**

Orè yo te ajiste estratejikman dapre opinyon kliyan yo ak done pasaje yo pandan y ap balanse eleman operasyonèl yo pou asire fyabilite sèvis ls. Nan tèminal nan poukont li, operasyon eskalye mekanik yo te modifiye pou bay plis kapasite k ap monte nan maten, souvan yo gen tout eskalye mekanik yo eksepte youn pou chak ranje eskalye mekanik ki opere anlè mezanin la.

Dapre Sondaj Kontaj Kliyan chak ane ki te fèt nan sezon prentan an, 96 pousan kliyan Grand Central Madison yo te di yo te satisfè oswa trè satisfè ak tèminal la, ki se pi gwo evalyasyon nenpòt estasyon oswa tèminal atravè LIRR la. Sepandan, pou amelyore eksperyans pasaje yo, yo te enstale lòt pano oryantasyon pou rann li pi fasil pou navige

nan antre a, epi, nan mwa novanm, yo te aktive sèvis selilè nan tinèl Grand Central Madison yo, pou konplete rezo selilè ak Wi-Fi ki egziste deja nan estasyon an, pou bay yon vwayaj ki pi pratik ak agreyab. Yo te enstale ekran dijital tou nan Grand Central Madison ak depa Metro-North, epi yo te enstale ekran nan Grand Central Terminal ak depa LIRR yo.

Kounye a, MTA ap revize pwopozisyon pou yon kafe/ba atravè biwo tikè yo nan Grand Central Madison, ak yon dat ouvèti yo prevwa nan fen ane sa a.

### **Yon Wout Ray Long Island transfòme**

Aprè ouvèti Grand Central Madison, LIRR te konplete lòt gwo pwojè ki te modènize transpò nan Long Island ak sistèm tren modèn tankou Pwojè Agrandisman Liy Prensipal 2.5 milya dola, pwojè 478 milyon dola pou ajoute yon dezyèm chemen ki mennen nan Branch Ronkonkoma nan bò lès Farmingdale, pwojè Inisyativ Estasyon Amelyore 17 Station ki koute 150 milyon dola, ak pwojè Reyabilitasyon Estasyon Hicksville la ki koute 77 milyon dola. Envestisman plizyè milya dola sa a, ansanm ak modènizasyon ekliz Harold la – ekliz ki pi okipe nan peyi a – efikasite operasyon amelyore, ogmantasyon kapasite tren pou opere 289 tren anplis chak jou, epi renove plizyè douzèn estasyon ak nouvo ekipman ak amelyorasyon aksè, sa ki kreye yon eksperyans pasaje ki pi konfòtab ak vwayaj fyab.

Anplis de sa, LIRR te louvri premye estasyon li a nan 50 ane, Estasyon Elmont-UBS Arena, pou ogmante aksè ak estasyon yo epi redwi trafik lè li ofri yon opsyon dirab ak pratik pou patisipan evènman yo.

Grand Central Madison se pi gwo tèminal tren pasaje yo te bati nan peyi a nan 67 ane epi li te youn nan pi gwo pwojè enfrastrikti transpò nan Etazini nan dènye ane yo. Tèminal la gen kavèn ki gen de nivo ki sipòte kat platfòm ak uit pis, epi abrite travay atistik an mozayik pèmanan pa atis ki renome entènasyonanman, Yayoi Kusama ak Kiki Smith. Nan jou sèvis konplè a, premye tren nan lè maten ki chaje a se te tren 4:57 a.m. soti nan Hempstead, ki te rive Grand Central Madison nan apeprè 5:48 a.m.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)